

Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS ETA YO POU EDE NAN KAD  
INONDASYON AKOZ BLOKAJ GLAS NAN WHITESBORO YO**

***L ap Ankouraje Nouyòkè yo pou yo Prepare yo pou Posiblité Inondasyon pandan  
Tanperati Cho yo ak Lapli ap Travèse Eta a***

***Resous yo gen Ladan Ekip Sovtaj nan Dlo Viv, Veyikil a Esys Elve Ak Pèltez ki  
gen Bra Long pou Ede Kominote Lokal yo***

***Pa Pridans, yo te Evakye 4 Kay nan Mitan Inondasyon an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te deplwaye resous eta yo pou yo ede kominote lokal inondasyon akoz blokaj glas sou pon ray CSX posede nan Whitesboro yo te afekte yo. Kòm konsekans inondasyon jodi a, otorite lokal yo te evakye kat kay pa pridans. New York te deplwaye pèsonèl ak ekipman Sovtaj nan Dlo Viv pou ede lokalite yo nan rejyon Mohawk Valley Southern Tier. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo ap ankouraje Nouyòkè ki nan rejyon Mohawk Valley ak Southern Tier la yo pou yo pran prekosyon ki nesèsè annatant inondasyon potansyèl akoz blokaj glas ki gen sou rivyè yo ak kouran dlo yo. Eta a pral ajoute tou 5 gran kanivo anba Pon CSX la pou yo redwi enpak inondasyon yo epi konstwi baraj ak bankèt plèn inondasyon adisyonèl nan zòn ozalantou yo.

“New York ap pran mezi pou ede kominote inondasyon akoz blokaj glas destriktif yo afekte yo epi asire sekirite kominote nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan New York, nou konnen kòlè Manman Lanati twò byen menm, epi nou ap plis prepare pase jamè pou nou konfwonte move tan ekstrèm yo epi ede rezidan yo rekipere yo osi rapid posib. Lè bagay yo pi mal, Nouyòkè yo travay pi byen, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou ka sipòte kominote inondasyon an afekte yo.”

Gouvènè a te deplwaye resous ajans ki annapre yo pou ede nan Whitesboro:

- 2 veyikil a esye elve
- 2 eskavatris ak bra long
- 1 traktopèl
- 1 veyikil radyo lapolis eta a
- 3 fa limyè
- 2 Dèlko 100 kilowat.
- 1 ekip sovtaj nan dlo viv ki annatant

Kòm tanperati an ap monte, mouvman anbak ak posibilite inondasyon anbak rete yon danje kote ki bloke toupre pon, koud larivyè, ekliz, ak lòt zòn blokaj potansyèl olon rivyè ak kouran dlo sa yo.

Anplis de resous ki mansyone anwo a yo, ajans eta a yo prepare pou yo ede kominote atravè eta a yo ki gen kèlkeswa pwoblèm inondasyon akòz blokaj glas yo.

### **Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan (Department of Homeland Security and Emergency Services)**

Dis antrepo rejyonal nan eta a yo prepare pou yo deplwaye resous kle yo pou asiste nan nenpòt pwoblèm inondasyon. Aktyèlman, antrepo yo ekipe ak:

- Plis pase 730 dèlko
- Prèske 1,300 ponp
- Plis pase 2 milyon sak sab
- 19 machin pou ranpli sak sab
- 2,052,961 sak sab
- Baraj akwatik (Aqua Dam) ki mezire 6,771 pye

### **Depatman Transpò (Department of Transportation)**

Depatman Transpò a ap siveye tout lokalite ki gen potansyèl pou blokaj glas ak inondasyon yo depre. Depatman an pral kontinye netwaye kanivo yo pou yo asire kondisyon inondasyon pa monte epi pou yo netwaye blokaj potansyèl yo rapidman. Nan Sauquoit Creek nan Mohawk Valley, Depatman an te deplase yon pèltez ak lòt ekipman pou jere inondasyon nan zòn lan epi li ap transpòte tou yon pèltez ki gen bra long soti nan Southern Tier al nan Mohawk Valley.

### **Otorite Thruway**

Anplwaye Otorite Thruway a yo ap aktivman enspekte sistèm drenaj yo epi siveye pou inondasyon potansyèl. Anplwaye yo pare pou yo reponn a nenpòt ki pwoblèm inondasyon ki genyen atravè eta a, avèk plis pase 664 operatè ak sipèvizè, 16 pèltez piti ak mwayèn, 260 chasnèj/kamyon baskil, gwo chajè, ak plizyè tablo VMS pòtab, poto limyè pòtab, dèlko ki pi piti, ponp ki pi piti ak trelè pou transpòte ekipman yo, ansam ak pano siyalizasyon ak lòt aparèy kontwòl sikilasyon ki disponib pou nenpòt ki detou oswa fèmeti wout yo.

### **Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC)**

DEC ap kontwòle previzyon sou nivo dlo yo ak mezi inondasyon yo sou rivyè, kouran dlo, ak wiso, pou evalye risk inondasyon epi reyaji si ta vin gen inondasyon. Anplis de sa, Ofisye Lapolis DEC yo, Gad Forè Eta yo, enjenyè dlo yo, pèsònèl repons pou debòdman yo, ak pèsònèl jesyon ijans yo prè pou yo reponn rapidman a nenpòt debòdman oswa operasyon rechèch ak sovtaj yo bezwen pandan nivo dlo inondasyon yo ap monte.

## **Canal Corporation**

NYPA kontinye ap siveye kondisyon yo epi yo rete an kontak dirèk ak fonksyonè jesyon ijans yo.

Canal Corporation ap kontinye rete an kominikasyon ak antite jesyon dlo ak enèji idwolik ki sou Sistèm Kanal eta a yo konsènan chanjman yo ak kondisyon yo ansanm ak danje k ap devlope yo atravè piblikasyon. Canal Corporation te pran mezi prevantif nan tout eta a pou yo diminye enpak inondasyon potansyèl atravè sistèm lan epi anplwaye yo ap siveye kote yo konnen ki konn gen blokaj glas yo deprè, ki gen ladan lokalite yo konnen ki olon Rivyè Mohawk la.

Canal Corporation gen yon kontraktè ki disponib annatant pou voye nan Ekliz 8-10 Kanal Erie nan konte Schenectady ak Montgomery pou retire blòk glas ki akimile ki kole ak ekliz yo si sa te vini rive.

## **Lapolis Eta New York (New York State Police)**

Manm Patwouy Eta a yo ap ede ak sitiyaasyon inondasyon k ap kontinye nan Whitesboro, nan Konte Oneida, epi y ap siveye tou olon rivyè ak kouran dlo ki gen tandans pou gen blokaj glas ak inondasyon nan lòt zòn ki afekte yo. Manm Patwouy yo pare pou yo deplwaye sizoka ta vin gen inondasyon. Tout veyikil kat-pa-kat yo an sèvis, epi motonèj, Veyikil Misyon Itilite ak bato yo rete prè pou deplwaman si nesèsè.

## **Konsèy sou Sekirite pou Inondasyon**

Men konsèy sekirite nan kad preparasyon pou inondasyon:

- Chèche konnen wout ki gen mwens danje a pou soti lakay ou oubyen biznis ou, pou rive sou teren pi wo ki pa gen danje sizoka ou dwe kite nan prese.
- Devlope epi pratike yon plan “kouri pou fanmi an” epi idantifye yon espas rankont si manm fanmi an vin separe.
- Fè yon lis detaye – ansanm ak dokiman foto ak videyo ki ka genyen -- tout bagay ki gen valè tankou mèb, rad ak lòt byen pèsònèl. Kenbe lis la yon kote ki gen sekirite.
- Fè rezèv stòk ijans manje nan bwat, medikaman ak atik premye swen epi dlo potab. Stoke dlo potab nan veso pwòp ki byen fèmen
- Planifye sa w ap fè ak bèt ou gen nan kay la
- Kenbe sou lamèn yon radyo pòtab, flash, batri anplis ak ekipman pou fè manje nan sitiyaasyon ijans
- Toujou gen gaz nan machin ou. Si kouran elektrik la koupe, stasyon gazolin ka pap ka bay gaz pandan plizyè jou. Kenbe yon ti pwovizyon nan kòf machin ou sizoka ta gen katastwòf
- Jwenn konbyen pye pwopriyete w la ye anlè ak anba nivo inondasyon ki posib. Lè yo fè w konnen nivo inondasyon yo prevwa, ou ka wè si ou gen risk pou inonde
- Kenbe materyèl tankou sak sab, playwoud, fèy plastik ak bwa sou lamèn pou rezistans nan dlo nan sitiyaasyon ijans

- Verifye kouvèti asirans ou. Anjeneral polis asirans pwopriyete kay pa kouvri dega inondasyon. Sèl asirans inondasyon ka pwoteje kay ou kont dega inondasyon. Ou kapab achte asirans inondasyon kèlkeswa kote ou rete, menm si se pa yon zòn inondasyon

Pou w jwenn yon lis konplè kondisyon meteyo ak lide pou preparasyon anvan pandan ak apre yon inondasyon, ale nan sit entènèt Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo sou [www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm](http://www.dhSES.ny.gov/oem/safety-info/flood/floodprepare.cfm).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)